

**IJAMBO RISHIKIRIJWE NA PETERO KARAVERI MBONIMPA
KU MUSI WO KWIBUKA IMYAKA ITATU IHEZE
AHATSWE KUGANDAGURWA.**

I Buruseli, ku wa 3 Myandagaro 2018.

Barundi , Barundikazi bene wacu,

Igenekerezo rya 3 Myandagaro ni intibagirana kuri jewe ubwanje, ku muryango wanjye , eka no ku ncuti no kubagenzi banje, abo dusangiye ibanga ryo guharanira agateka ka kiremwa muntu , ndetse n'abashigikiye ibikorwa vy'ishirahamwe riharanira agateka ka zina muntu n'akabapfunzwe « APRODH » .

Kukaba nkako, imyaka itatu irarumije Imana inkuye mu vyara vy'inkozi z'ikibi zarondera kunyaka ubuzima zitampaye, igihe naraswa ntashye mvuye ku mirimo yanje ya misi yose ku mugoroba w'igenekerezo rya 3 Myandagaro 2015.

Umusi n'isaha Umuremyi yangeneye ntivyari bwagere, naho bagomvye kuvuguruza Imana. Na kare « UMWANSI AGUCIRA ICOBO , IMANA IKAGUCIRA ICANZO ».

Ni naco gituma ntanguye ndayishimira ko yandokoye, ikaba impaye n'aka kanya ngo shikirize iri jambo abarundi benewacu bose , bari mu mihingo yose, iyo bava bakagera.

Ukurondera kwica uwurongoye ishishirahamwe APRODH vyashitse hagati mu ntureka yadutse ku wa 26 Ndamukiza 2015, bivuye ku ngingo Petero NKURUNZIZA yafashe yo kurondera ikiringo kigira gatatu c'ukurongora igihugu, biteye kubiri n'Ibwirizwa Nshingiro n' amasezerano ya Arusha.

Kuri uyu musi w'ukwibuka aho Imana yankura mu menyo y'ingwe, nashaka mpamagarire Abarundi bose kuzirikana isinzi ry'abavukagihugu benewacu bakozweko n'ico kiza ca « *mandat ya gatatu* », kuva imyiyerekano yo kuciyamiriza itanguye gushika uyu musi uri hejuru .**Tuzirikane :**

1° ibihumbi vy'abarundi bagandaguwe ;

2° isinzi ry'abarundi baharurwa mu majana banyurujwe bakagenda amazimayonko ;

3° ibihumbi vy'abarundi basinzikarijwe umubiri bakaborezwa igufa ;

4° ibihumbi vy'abarundi bavundiye mu mabohero atandukanye yo mu gihugu ;

5° abarundi benewacu baharurwa mu bihumbi amajana bagorewe mu makambi y'impunzi mu bihugu duhana imbibe no mu karere ka Afrika y'Ubuseruko;

6° isinzi ry'abarundi bahungiyeye mu bihugu bitandukanye bishwe n'intuntu yo gusubira mu babo n'ivyabo ;

7° abakenyezi n' abigeme bashurashujwe ku nguvu kubera ico kiza ca manda ya gatatu ;

8° eka n'ayo mamiriyoni y'abarundi babayeho nabi, batagira icepfo ca ruguru, biturutse kuri ico kiza ca « *manda ya gatatu* », bakaba bakeneye uwubagarukirako amazi atararenga inkombe.

Ukwibuka ivyo bihe bibi twacyemwo n'ubu henshi bicibonekeza, ntivyosigura nagato ukuvyura inzigo, urwanko n'umutima wo kwihora mu bonse rimwe. Iryo ntirikabe. Ahubwo, ni akanya keza ko kwirimbura kuri ako kahise kabi, tugahamagarira umwe wese gusubiza agaciro ikiremwa muntu no gusonera icitwa ubuzima.

Ari naco gituma nteye akamo abavukagihugu bose, ngo bagaruke ku mico yo kwihanganirana, ukurondera kwuzurizwa n'ibiganiro, no kugaruka ku bushingantahe bw'aho hambere, vyanye biranga Abarundi igihe cose hadutse ukudahuza ivyiyumviro, haba mu vya politike canke mu mibano, aho kurondera gufata inzira y'ibirwanisho bihitana abarundi isinzi ataco bazira.

Abarundi, dutegerezwa vyanka vyakunda kwemera ko , ibiganiro vy'ukuri , bidakumira uyu canke urya murwi w'abarundi, ari yo nzira yo nsa yoza itorera inyishu impari bidaciye mu gikenye ; ni nayo nzira yonyene irashe yo kugarukana amahoro n'iterambere birama mu gihugu.

Barundi , Barundikazi bene wacu,

Ndashyikirije iri jambo, nsaba Imana Mushobora Vyose, ariyo Munyakigongwe, ngo iruhurire abo barundi bose bakozweko n'ikiza ca *“manda ya gatatu”*, ibaronse n'umwizero w'ejo heza.

Tutakambiye Imana ngo ironse abatware mu butandukane bwabo inkomezi n'ugushaka bihagije vyotuma bahuza abanyagihugu bose ata n'umwe bashize ku ruhande, mu rugendo rwo kurondera amahoro ya bose.

AMAHORO N'UMWUVIKANO, NI BISASAGARE MU BARUNDI BOSE !